# ORTA ARNAWLÍ HÁM PROFESSIONALLÍQ BILIMLENDIRIW SHÓLKEMLERINIŃ PEDAGOG KADRLARÍN ATTESTACIYADAN ÓTKERIW USHÍN ANA TILI HÁM ÁDEBIYAT PÁNINEN QÁNIGELIK SÍNAĞÍ TAPSÍRMALARÍNÍŃ SPECIFIKACIYASÍ

Bul specifikaciya ana tili hám ádebiyat páninen orta arnawlı hám professionallıq bilimlendiriw shólkemleri oqıtıwshıların attestaciya qánigelik sınağında paydalanılatuğın test tapsırmalarınıń mazmunı, qamtıwı, túri, kognitivlik kónlikpe dárejeleri, bahalaw ólshemi hám talabanlardıń tayarlıq dárejesine qoyılatuğın talaplardı sáwlelendiredi.

## I. Maqset

Bahalaw procesinde isenimlilik, ádillik hám ashıq-aydınlıqtı támiyinlew, talabanlardıń ana tili hám ádebiyat páni boyınsha teoriyalıq bilimleri, ámeliy kónlikpe hám kompetenciyaların kompleksli bahalaw.

## II. Normativlik tiykarlar

1. Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 17-sentyabrdegi "Mektepke shekemgi, ulıwma orta, orta arnawlı, professionallıq hám mektepten tısqarı bilimlendiriw shólkemleri pedagog kadrların attestaciyadan ótkeriw tártibin jetilistiriw ilajları haqqında"ğı 572-sanlı qararı.

2. Pán bağdarlaması Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministrliginiń 2025-jıl 18-avgusttağı 47-q/q sanlı hám de Mektepke shekemgi hám mektep bilimlendiriwi ministrliginiń 2025-jıl 18-avgusttağı 40-q/q sanlı "Ulıwma bilim beriw pánlerin kásiplik bilimlendiriw bağdarına sáykes tańlaw pánleri arqalı oqıtıwdı shólkemlestiriw haqqında"ğı qospa qararına muwapıq engizilgen.

## III. Bahalaw qamtıwı.

**Ana tili**

1. Orfografiya hám orfoepiya
2. Leksikologiya hám frazeologiya
3. Sóz quramı
4. Grammatika
5. Irkilis belgileri
6. Stilistika
7. Sóylew mádeniyatı

**Ádebiyat**

8. Milliy ádebiy miyras
9. Jáhán ádebiyatı
10. Ádebiyat teoriyası, klassikalıq lirika
11. Tekstti túsiniw

## IV. Bahalanatuğın mazmun tarawlar hám konstruktler

| Mazmunlıq taraw | Kishi mazmunlıq taraw | Konstruktlar | Úlesi (%) | Testler sanı |
|---|---|---|---|---|

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **Ana tili** | | | | |
| Orfografiya hám orfoepiya | Til sesleri sıpatlaması. Orfoepiya. Imla hám onıń principleri. Fonetikalıq qubılıslar. | Til seslerin dawıs hám shawqımnıń qatnasıwına, sonday-aq, til hám erinlerdiń háreketine qarap parıqlay aladı. Imla qaǵıydaların ámelde durıs qollanadı. Fonetikalıq qubılıslardı anıqlap, olardı túrlerine qaray ajırata aladı hám de aytılıw hám jazılıw normalarına ámel etedi. | 12% | 5 |
| Leksikologiya hám frazeologiya | Sózdiń mánisi. Kóp mánili sózler. Tuwra hám awıspalı manili sózler. Sózdiń formalıq hám mánilik qatnasına qaray túrleri. Frazeologizmler. | Leksikologiyaǵa tiyisli bilimlerge súyenip, sózlerdiń mánilerin túsindire aladı. Kóp mánili sózler, tuwra hám awıspalı mánili sózlerdi anıqlaydı hám olardı tilde durıs qollanadı. Sózdiń formalıq hám mánilik qatnasına qaray túrlerin anıqlaydı, tilde olardan ónimli paydalana aladı. Frazeologiyalıq sóz dizbeklerin túsinedi hám tilde olardan orınlı paydalanadı. | 13% | 5 |
| Sóz quramı | Túbir hám qosımtalar. Qosımtalardın túrleri. | Sóz quramın tallap, sózlerdi mánili bóleklerge ajırata aladı. Sóz jasawshı, sóz túrlewshi hám forma jasawshı qosımtalardıń xızmetin anıqlaydı hám olardı tilde durıs qollanadı. | 5% | 2 |
| Grammatika | I. Morfologiya. Mánili sóz shaqapları. Kómekshi sóz shaqapları. Bayanlawıshliq hám basqa sózler. II. Sintaksis. Teń hám baǵınıńqı baylanıs. Gáp. Gáp aǵzaları. Gáp aǵzaları menen baylanısqa túspeytuǵın til birlikleri. Gáptiń dúzilisine hám mánisine qaray túrleri. Jay hám qospa gápler. | Mánili hám kómekshi sóz shaqapları jáne tańlaq, eliklewish hám modal sózlerdi parıqlaydı. Olardıń xızmetin ańlap, tilde durıs qollana aladı. Grammatikalıq baylanıs (teń hám baǵınıńqı)lardı anıqlaydı. Gáp aǵzaları, gáp aǵzaları menen baylanısqa túspeytuǵın til birliklerin uqsas birliklerden parıqlaydı. Gáptiń dúzilisine hám mánisine qaray túrlerin, gáplerdi baylanıstırıwshı qurallardı anıqlap, tilde nátiyjeli qollanadı. Sintaksislik dúzilisti tallap, gáptiń grammatikalıq qurılısın túsinedi, túsingenlerin awızeki hám jazba sóylewinde qollanadı. | 25% | 10 |
| Irkilis belgileri | Irkilis belgileri: noqat, soraw, úndew, útir, | Irkilis belgileriniń túrlerin, qollanıw qaǵıydaların biledi. Gápte irkilis belgileriniń máni hám intonaciyaǵa | 2% | 1 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | sızıqsha, qos noqat, noqatlı útir, tırnaqsha, kóp noqat, qawıs. | tásirin ańlay aladı hám de jazba sóylewde irkilis belgilerinen durıs hám orınlı paydalanadı. | | |
| Stilistika | Til stilleri hám stillik qáteler | Til stillerin parıqlay aladı, hárbir stildiń ózine tán ózgesheliklerin biledi hám sóylew procesinde olardı maqsetke muwapıq qollanadı. Stilistikalıq qátelerdi anıqlaydı, olardı dúzetedi hám de awızeki hám jazba sóylewde stilistikalıq anıqlıq hám úylesimlilikti támiyinleydi. | 5% | 2 |
| **Ádebiyat** | | | | |
| Milliy ádebiy miyras | Xalıq awızeki dóretiwshiligi úlgileri.<br>Áyemgi túrkiy ádebiyat.<br>Qaraqalpaq ádebiyatınıń saǵaları.<br>Qaraqalpaq klassikalıq ádebiyatı.<br>XX ásir ádebiyatı.<br>Ǵárezsizlik dáwiri ádebiyatı. | Xalıq awızeki dóretiwshiligi, ulıwma hám milliy ádebiy miyras úlgilerin talqılay aladı. Jırawlar (jıraw-shayırlar) miyrasın, qaraqalpaq klassikalıq, zamanagóy ádebiyatı wákilleriniń shıǵarmaların mazmun hám kórkemlik jaqtan úyrenip, talqılap, avtordıń stilin anıqlaydı. Shıǵarmadaǵı personajlar, waqıyalar hám shıǵarmanıń ideyalıq mazmunın talqılap, kórkem shıǵarmanı ańlaw hám bahalaw kónlikpesin rawajlandıradı. | 15% | 6 |
| Jáhán ádebiyatı | Jáhán ádebiyatı úlgileri | Jáhán ádebiyatı, sonday-aq, áyyemgi dúnya ádebiyatı úlgilerin talqılay aladı, hár qıylı dáwir hám baǵdardaǵı shıǵarmalardıń mazmunı hám kórkemlik ózgesheliklerin ańlay aladı. Avtorlardıń ideyalıq baǵdarı, stili hám obrazlar sistemasın talqılaydı. Jáhán ádebiyatın milliy ádebiyat penen baylanıstıradı, ulıwmalıq hám ayırmashılıq táreplerin anıqlay aladı hám kórkem shıǵarmadan estetikalıq zawıq ala aladı. | 10% | 4 |
| Ádebiyat teoriyası, klassikalıq lirika analizi | Ádebiy janrlar. Kórkemlew quralları. | Ádebiyat teoriyası tiykarların biledi, ádebiy janrlar, kórkem súwretlew quralları hám stilistikalıq figuralardı anıqlaydı. | 5% | 2 |
| Tekstti túsiniw | Tekst analizi. | Ilimiy hám kórkem tekstlerdi oqıp túsinedi, teksttiń ideyasın anıqlaydı, fakt hám pikirdi parıqlay aladı. Shıǵarmanı logikalıq talqılaydı, tekst tiykarında juwmaq shıǵaradı. | 8% | 3 |
| Jámi: | 40 | | | |

## V. Bahalanatuǵın kognitiv kónlikpeler hám bólistiriliwi

| Q/t | Kognitiv dáreje | Túsindirmesi | Úles (%) |
|---|---|---|---|
| 1 | **Biliw** | Pánge tiyisli teoriyalıq maǵlıwmattı, atama hám qaǵıydalardı este saqlaw, túsiniw, teoriyalıq jaqtan qatnas jasay alıw | 50%; |
| 2 | **Qollaw** | Ózlestirilgen teoriyalıq bilim hám túsiniklerdi jańa kontekstlerde qollay alıw | 42% |
| 3 | **Pikirlew** | Belgili bir teksttegi fakt, dálil hám normativ jaǵdaylardı salıstırıw, talqılaw, tekst mazmunına muwapıq boljaw, tekst xronologiyasın anıqlaw, juwmaq(lar) shıǵara alıw | 28% |

## VI. Test túrleri hám bólistiriliwi

| Q/t | Test túri | Túsindirmesi |
|---|---|---|
| 1 | Y1 | Tórt varianttan birewi durıs bolǵan alternativ juwaplı jabıq test |
| 2 | Y2 | Tártiplengen birneshe juwaplardan durısın tabıwdı talap etetuǵın alternativ juwaplı jabıq test |
| 3 | Y3 | Sáykeslendiriwdi talap etetuǵın jabıq test |
| 4 | Y4 | Gáp yamasa proceslerdi durıs izbe-izlikte jaylastırıw talap etiletuǵın jabıq test |

## VII. Bahalaw ólshemi hám ajıratılǵan waqıt

Test tapsırmaları ulıwma 80 ball menen bahalanadı.
Hárbir durıs juwap 2 ball, nadurıs juwap bolsa 0 ball menen bahalanadı.
Test variantın sheshiw ushın 80 minut waqıt ólshemi belgilenedi.

## VIII. Imtixan tártibi

*Qadaǵan etilgen qurallar:* imtixan waqtında mobil telefon, smart saat, planshet yamasa elektron esletpelerden paydalanıw qatań qadaǵan etiledi.

*Ádep-ikramlılıq hám tártip:* nusqa kóshiriw, járdem soraw yamasa járdem beriw, imtixan waqtında sóylesiw, ruqsatısız shıǵıw sıyaqlı jaǵdaylar qadaǵan etiledi.

Baqlawshı qaǵıyda buzarlıqtı anıqlaǵanda, onı rásmiylestirip, tıńlawshını testten shetletedi hám nátiyjesi biykarlanadı.

## IX. Inklyuziya hám sáykeslendiriw

Ayrıqsha bilim alıwǵa mútájligi bar talabanlar ushın qosımsha (ulıwma waqıttıń 15% muǵdarında) waqıt qosıp beriledi. Sonday-aq, tapsırmalardıń beriliw forması hám túri de olarǵa sáykes hám qolaylı túrde usınıladı.

Kóriw tarawında imkaniyatı sheklengen talabanlar sorawlardı oqıp beriwi ushın arnawlı texnikalıq járdemshi menen keliwine ruqsat etiledi, tek ǵana sorawdıń durıs juwabın aytıwı múmkin emes.

## X. Paydalanıwǵa usınıs etiletuǵın tiykarǵı ádebiyatlar


### Ana tili

1. Qaraqalpaq tili, 5-klass. I, II bólim. G.S.Patullaeva, S.R.Kadirimbetova. Toshkent: Novda edutainment, 2024.
2. Ana tili, 6-klass. G.S.Patullaeva, S.R.Kadirimbetova. Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022.
3. Ana tili, 7-klass. M.Dáwletov, Z.Ismaylova, Z.Kazımbetova. Tashkent; Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022.
4. Qaraqalpaq tili, 8-klass. M.Dáwletov hám b. Nókis: "Bilim" 2019.
5. Qaraqalpaq tili, 9-klass. M.Dáwletov. Nókis: "Bilim" 2019.
6. Ana tili, 10-klass. Sh.Abdinazimov hám b. Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022.
7. Qaraqalpaq tili, 11-klass. Sh.Abdinazimov hám b. Nókis: "Bilim" 2018.

### Ádebiyat

8. Ádebiyat, 5-klass. I, II bólim. P.E.Nurjanov, J.Umatova, G.A.Begmuratova, D.M.Nurseytov; Tashkent: Novda edutainment, 2024.
9. Ádebiyat, 6-klass. Q.Orazımbetov hám b. Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2022.
10. Ádebiyat, 7-klass. R.Niyetova, I.Mámbetov, G.Jaqsımova. Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı, 2022.
11. Ádebiyat, 8-klass. K.Mámbetov hám b. Nókis: "Bilim" 2019.
12. Ádebiyat, 9-klass. T.Mámbetniyazov hám b. Nókis: "Bilim" 2019
13. Qaraqalpaq ádebiyatı, 10-klass. Q.Orazımbetov hám b. Tashkent: Respublikalıq bilimlendiriw orayı 2022.
14. Qaraqalpaq ádebiyatı. 11-klass. K.Allambergenov hám b. Nókis: "Bilim" 2018.

### Qosımsha ádebiyatlar

15. Qaraqalpaq tili hám imla qaǵıydalarınıń jıynaǵı. Dúziwshiler: M.Dáwletov, Sh.Abdinazimov, A.Alniyazov. Nókis: "Bilim", 2016.
16. Qaraqalpaq tiliniń orfografiyalıq sózligi. Dúziwshiler: M.Dáwletov, Sh.Abdinazimov. Nókis: "Bilim" 2020.
17. https://www.oecd.org/pisa/test/pisa-2022-mathematics-test-questions.htm